

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

2.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun struktur carita, ajén étnopédagogi, jeung susunan bahan ajar maca novel.

Kahiji, struktur carita dina novel *Imah Agréng* ieu kapaluruh aya téma, fakta carita (galur, tokoh, latar), jeung sarana carita (judul, puseur implengan, gaya basa). Téma dina ieu carita téh nyaéta ngangkat carita ngeunaan kaayaan di satukangeun imah agréng jeung kahirupan pangeusina. Eusi caritana ngungkab misteri maotna Kirana nu pinuh ku misteri. Saterusna kaungkap ogé misteri nu aya di imah agréng, nyaéta kagoréngan Adiguna. Galur nu digunakeun dina ieu carita nyaéta galur maju atawa mérélé, nu katitén dina caritana ngaguluyur tina munculna tokoh utama, munculna pasualan, pasualan muncak, sarta *ending* carita. Latar dina ieu carita aya latar tempat di antarana di imah, kantor, kampus, restoran, warung dawegan, kantor pulisi, jeung ruang émérgency. Saupama nilik kana ngaran-ngaran tempat nu nyampak dina carita, ieu novel téh museur di kota Bandung. Latar waktu nu dibagi kana dua kategori, nyaéta dumasar kana titimangsa, sarta dumasar durasi. Salian ti éta, dina novel ieu kapanggih latar suasana nyaéta suasana keueung, sedih, bungah, bingung, ambek, jeung rengkeng. Latar sosial dina ieu novel téh nyaritakeun lalampahan nu jadi wartawan dina maluruh informasi pikeun diberitakeun. Dina ieu carita ogé diuwuhan ku latar suasana nu ngagambarkeun kaayaan dina carita, di antarana aya latar suasana keueung, sedih, bungah, bingung, ambek, jeung rengkeng.

Tokoh nu kapaluruh dina ieu novel aya 30, di antarana Jaka, Kirana, Suminar, Juragan Adiguna, Karsa, Bison (Alam), Nyonya Adiguna, Nyi Karsih, Nyi Saléha, Mang Gofur, Tukang Kebon, Pa Ubun, Bi Duri, Garnida, Diah, Pa Darajat, Indung Garnida, Pa Lurah, anak Lurah, Solihin, Bondan, Astia, Samiaji, Dogi, Panji, Indung Jaka, Dokter, Pa Komar, Viranti, jeung Pa Abdul Kohar. Nu jadi tokoh

sentral dina carita nyaéta Jaka. Lian ti Jaka, aya tokoh séjén nu teu éléh pentingna dina carita, nyaéta Suminar, Bison, Karsa, jeung Adiguna.

Sarana carita nu kapaluruh dina ieu panalungtikan nyaéta aya judul, puseur sawangan, jeung gaya basa. Judul ieu novel nyaéta *Imah Agréng*, judul nu digunakeun saluyu jeung eusi carita nu ditulis ku pangarang, jadi silipakait antara judul jeung eusina. Puseur sawangan nu digunakeun pangarang dina ieu carita, nyaéta ngagunakeun jelema kahiji utama, nu hartina pangarang salaku tokoh kuring dina ieu carita. Pangarang ngagunakeun gaya basa nu basajan dina ieu carita, dumasar hal éta gampang jeung babari dipaham ku pamaca. Gaya basa nu digunakeun pangarang di antarana gaya basa mijelema, ngaumpamakeun, babasan, jeung paribasa.

Kadua, ajén étnopédagogi kasundaan dina ieu novel *Imah Agréng* nyoko *Catur Jati Diri Insan* salaku manusa unggul (*MAUNG*), pengkuh agamana kagambar dina salasahiji tokoh dina carita nu taat ngajalankeun paréntah agama. Luhur élmuna kagambar dina diri Jaka, nu mana manéhna dina nyanghareupan pasualan kalayan pinter tur cerdas. Jembar budayana, dina ieu novel digambarkeun paripolah nu has dipiboga ku urang Sunda nyaéta soméah, bageur, dépé-dépé handap asor, jeung silih tulungan ka sasama. Rancagé gawéna, dina ieu novel digambarkeun tokoh Jaka salaku wartawan, manéhna pinuh ku tanggungjawab dina ngalaksanakeun pagawéanna, nepi ka réngséna.

Orientasi ahirna tina étnopédagogi ngawangun manusa nu miboga moral jeung karakter. nu kapaluruh dina ieu novel ngeunaan moral kamanusaan, di antarana moral manusa ka Pangéran, moral manusa ka diri pribadina, moral manusa ka manusa séjén, moral manusa ka alam, moral manusa kana waktu, sarta moral manusa dina nyumponan kasugemaan lahir jeung batin.

Moral manusa ka Pangéran katémbong ku para palaku nu taat kana ajaran agama, rajin ibadah, wakaf, sodakoh, sarta kaimanan nu kuat. Moral manusa ka diri pribadina katémbong dina sipat nu jujur, sopan, silihasih, nyaahan, sarta wantéran dina bebeneran jeung kaadilan, silihargaan. Moral manusa ka papada manusa téh, nyampak dina sikep tokoh nu miboga kahariwang. Kahariwang ieu timbul tina rasa

silih asih ka sasama. Lian ti éta, moral manusa ka manusa séjénna kudu soméah, daék nulungan, dépé-dépé handap asor.

Moral manusa ka alam, kagambar dina tokoh carita nu ngamangpaatkeun hasil alam, pikeun dijadikeun babasan paribasa. Moral manusa kana waktu nyaéta ngamangpaatkeun sarta ngahargaan waktu, kawilang pentingna dina lumangsungna kahirupan. Saupamana teu bisa ngahargaan kana waktu geus pasti bakal meunang karugian. Moral manusa dina nyumponan kasugemaan batin jeung lahir, kagambar dina tokoh Jaka jeung Pa Ubun. Dina hal ieu, Pa Ubun bakal ngarasa bungah, saupama kasus ngeunaan misteri maotna Kirana bisa kaungkab, jeung bisa diberitakeun paling mimiti ku *Pelangi Pagi*. Sabab hal ieu téh bisa ngaronjatkeun deui popularitasna salaku koran nomor hiji di Indonésia.

Katilu, ieu novel *Imah Agréng* bisa dijadikeun pikeun bahan ajar maca novel di SMK, lanataran 1) eusi ieu novel bisa dijadikeun eunteung dina kahirupan, 2) eusi caritana miboga ajén moral kahirupan, saperti moral ka Pangéran, moral ka diri pribadina, moral ka sasama manusa, moral ka alam, moral kana waktu, sarta moral dina nyumponan kasugemaan lahir jeung batin, jeung 3) ngajarkeun ka siswa dina ngagunakeun undak-usuk basa.

2.2 Implikasi

Hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa méré mangpaat pikeun ngeyeuban panalungtikan ngeunaan sastra, sarta méré gambaran ngeunaan panalungtikan struktural, sarta ajén étnopédagogi. Salian ti éta, implikasi hasil panalungtikan ieu, bisa ngeuyeuban bahan pangajaran maca novel. Ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun référénsi pikeun panalungtikan ngeunaan struktural jeung étnopédagogi.

2.3 Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan, ayana sababaraha rékoméndasi anu ditujukeun pikeun guru sarta panalungtikan satuluyna. Pikeun pangatik, hasil panalungtikan ieu bisa ngamangpaatkeun hasil panalungtikan dijadikeun salasahiji alternatif bahan ajar maca novel. Sabab, ieu novel miboga ajén-ajén kahirupan nu bisa diterapkeun ka siswa, sangkan miboga karakter sarta moral nu hadé. Pikeun panalungtikan séjénna,

dipiharep bisa ngamangpaatkeun hasil panalungtikan pikeun dijadikeun tatapakan panalungtikan nu leuwih jembar, sarta dipiharep bisa nganalisis ieu novel ngagunakeun pamarekan nu séjénna nu bakal nalungtik novel *Imah Agreng*.

